**O`zbekistan Respublikasında fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ının' ma'nisi ha`m ondag`ı jan`a o`zgerisler.**

NMPİ oqıtıwshısı Qa`lenov K.

Bizge ma'lim, Salıq nızamshılıg'ında Salıqqa tartıw maqsetinde Salıq to'lewshiler ekige bo'lingen, yag'nıy yuridıkalıq ha'm fizikalıq ta'replerge.

Fizikalıq ta'replerge yuridıkalıq ta'rep atag'ın almag'an O'zbekstan Respublikası puqaraları, shet el puqaraları ha'm puqaralıg'ı bolmag'an ta'repler kiredı.

Fizikalıq ta'repler to'lep atırg'an salıqlardın' ishinde byudjet tu'simlerinde salmaqlı orındı iyeleytug'ın Salıq bul-fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı.

Fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı ma'mleketlik byudjet da'ramatlarının' dereklerinin' biri bolıp, ol ulıwma ma'mleketlik Salıqlardın' quramına kiredı. Onın' o'zine ta'n o'zgesheligi sonda, Salıq fizikalıq ta'replerdın' tikkeley da'ramatlarınan alınadı.

Bu'gingi ku'nde fizikalıq ta'repler to'lep atırg'an salıqlar ha'm jiyimlar byudjet da'ramatlarının' derlik 10 protsentin quraydı.

Fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı 1991-jılı byudjet tu'simlerinin' 6,7 protsentin qurag'an bolsa, 2000-jılı 13,1 protsentin qurag'an. Al 2010-jılg'a ma'mleketlik byudjet parajetrleri boyınsha usı Salıq ma'mleketlik byudjet da'ramatlarının' 12,5 protsentin, tuwrı Salıqlar ishinde bolsa 51,6 protsentin qurawı boljaw etilgen. Al bu`gingi ku`nge kelip 2015 jılı ulıwma byudjet da`ramatlarındag`ı u`lesi 10 payızdı al, tuwrı salıqlar ishindegi u`lesi bolsa 42,6 payızdı quramaqta.Bul ko'rsetkishler fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ının' byudjet da'ramatlarının' quramında a'hmiyetlı ekenliginen derek beredı.

Fizikalıq ta'replerdın' ja'mi jıllıq da'ramatı Salıq salıw obekti bolıp esaplanadı. Salıqqa tartılatug'ın baza bolıp, fizikalıq ta'replerdın' ja'mi da'ramatınan Salıq nızamshılıg'ına muwapıq belgilengen shegirmelerdı alıp (ayırıp) taslag'annan keyingi qaldıq summa esaplanadı.

O'zbekstan Respublikasınan tısqarıda to'lengen, O'zbekstan Respublikasının' rezidenti bolg'an fizikalıq ta'replerdın' da'ramat salıg'ının' summaları O'zbekstan Respublikasında Salıqtı to'lewde O'zbekstan Respublikasının' xalıq aralıq sha'rtnamalarına muwapıq esapqa alınadı.

Fizikalıq ta'replerdın' ja'mi jıllıq da'ramatlarının' quramı, da'ramat salıg'ının' stavkaları ha'm Salıqtan jen'illikler fizikalıq ta'replerdın' ja'mi jıllıq da'ramatına Salıq to'lewshi shaxs alıwı kerek bolg'an (alg'an) yaki mutqa alg'an pul yamasa basqa qarjıları kiredı. Bularg'a:

- miynetke haqı to'lew formasında alınatug'ın da'ramatları (172-statya);
- fizikalıq ta'replerdın' mu'lkten alg'an da'ramatları (176-statya);
- fizikalıq ta'replerdın' materiallıq ma'pi ta'rizindegi da'ramatları (177-statya);
- basqa da'ramatları (178-statya) kiredı.

Miynetke haqı to'lew formasında alınatug'ın da'ramatlarg'a fizikalıq ta'replerdın' miynet sha'rtnaması boyınsha orınlag'an jumıslarınan ha'm puqaralıq-buquqıy sha'rtnamalar boyınsha alatug'ın da'ramatları kiredı.

Fizikalıq ta'replerdın' mu'lkten alg'an da'ramatlarına protsentler, dividendler, menshikti ijarag'a beriwden alıng'an da'ramatlar, fizikalıq ta'replerge tiyisli bolg'an menshikti satıwdan alıng'an da'ramatlar ha'm usıg'an uqsas nızamshilıqta ko'zde tutılg'an da'ramatlar kiredı.

Materiallıq ma'p ta'rizindegi da'ramatlar qatarına yuridıkalıq ta'repten fizikalıq ta'reptin' ma'pin go'zlep, tovarlar (jumıslar, xizmetler) haqın, menshiklik huquqların to'lew kiredı.

Fizikalıq ta'replerdın' basqa da da'ramatları qatarına ma'mlekettin' sotsiallıq qamsizlandırıw boyınsha napaqaları, jumıssızlıq napaqaları, sotsiallıq napaqalar ha'm pensiyalar; stipendıyalar; alimentler, pul siylıqları; utislar; grantlar; jamg'arıp barılatug'ın ma'jbu'riy pensiya vznosları, olar boyınsha alıng'an protsentler ha'm basqa da'ramatlar kiredı.

Fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı ko'p g'ana ellerdegi sıyaqlı O'zbekstanda da progressiv Salıq esaplanadı. Usı Salıq stavkaları O'zbekstan Respublikası Prezidenti qararı menen belgilenedı ha'm ornatilg'an ta'rtipte ma'mleketlik salıq ma'kemeleri xizmetkerleri ta'repinen fizikalıq ta'replerge bildıriledı. Ha'r jılg'a belgilengen stavkalar Ministrler Kabineti ta'repinen yamasa O'zbekstan Respublikası Prezidenti qararı menen qaytadan ko'rip shıg'ılıwı mu'mkin.

O'zbekstan Respublikasının' Salıq nızamshılıg'ına muwapıq fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı stavkaları to'mendegi toparlarg'a bo'linedı:

- fizikalıq ta'replerdın' is haqı, siylıqlar ha'm basqa da da'ramatlarına salınatug'ın dıfferentsiallang'an progressiv Salıq stavkaları;
- fizikalıq ta'replerdın' dividend ha'm protsent tu'rinde alatug'ın da'ramatlarının' Salıq stavkası;
- rezident ernes fizikalıq ta'replerdın' da'ramatlarına to'lew dereginde salınatug'ın Salıq stavkaları;
- jen'illetilgen Salıq stavkaları.

Salıq nızamshılıg'ına sa'ykes 1998-jıldan Respublikamizda fizikalıq ta'replerdın' is haqıları, siylıq pulları ha'm basqa da'ramatlarının' Salıq stavkası 15, 25, 35, 40, 45 protsent, yag'nıy 5 bag'analı etip belgilengen edı. 2000-jıldan bolsa 3 bag'analı 12, 25, 30 protsentti, 2002-jıldan 13, 23, 33 protsentti 2008-jıldan bolsa 13, 18, 25 protsent, 2010-jılı 11, 17, 22, 2011-jılı 10,16,22, 2012-jılı 9,16,22, 2013-jılı 8,16,22, 2014-jılı 7,5, 16, 22 etip belgilengen edı. 2015-jıldan fizikalıq ta'replerdın' is haqıları, siylıq pulları ha'm basqada da'ramatlarının' Salıq stavkası, to'mendegi keste mag'lıwmatları tiykarında 4 bag`analı formada to`mendegi kestege muwapıq esaplanadı.

Salıq salıw maqsetleri ushın en' kem is haqının' mug'dan jıl basınan o'sip barıwshı juwmaq ta'rizinde esaplanadı.

**Fizikalıq ta'replerden alınatug'ın da'ramat salıg'ı stavkaları**
(2015jıldan baslap)

| Salıq salınatug'in da'ramat | Salıq stavkası |
|---|---|
| En' kem is haqının' bir esesine shekem | 0 protsentli stavkada |
| En' kem is haqının' bir esesinen (+lsum) bes esesi mug'darına shekem | En' kem is haqı mug'darının' eki esesinen asatug'ın summadan 8,5 protsenti |
| En' kem is haqının' altı esesinen (+lsum) on esesi mug'darına shekem | En' kem is haqı mug'darının' altı esesinen asatug'ın summadan 17 protsent |
| En' kem is haqının' on esesi (+1 sum) ha'm onnan joqarı mug'darda | En' kem is haqı mug'darının' on esesinen asatug'ın summadan 23 protsent |

Fizikalıq ta'replerge to'lenetug'ın dividendler ha'm protsentlerge 10 protsentlik stavka boyınsha to'lew dereginde salıq salınadı. Bunda Salıq salıw maqsetinde dividendlerge aktsiyalar boyınsha ha'm de bahalı qag'azlardan alınatug'ın da'ramatlar kiredı. Protsentlerge qarız minnetlemeleri ha'm xojalıq ju'ritıwshı subekttin' ustav fondına u'lesli qatnasıwınan keletug'in da'ramatlar ha'm basqalar kiredı.

Salıq nızamshıdıg'ına muwapıq fizikalıq ta'replerdın' Salıq salınatug'ın da'ramatına to'mendegiler kiritilmeydı:

- miynet sha'rtnaması biykar etilgende to'lenetug'in en' kem is haqının' on eki ese ko'lemindegi jumıstan bosatıw napaqası;
- alınatug'ın alimentler;
- joqarg'ı oqıw orınları, ka'sip-o'ner kolledjleri ha'm de olardm' bazasında sho'lkemlestirilgen biznes mektepleri oqıwshslarına tayinlang'an stipendıyalar;
- ma'mleketlik pensiyalar;
- qan tapsirg'ani ushın alatug'in summalar;
- fizikalıq ta'replerdın' jeke mu'lkin satıw na'tiyjesinde alatug'in summalar;
- miyras etip qaldırıw ha'm sawg'a etıw na'tiyjesinde alıng'an summalar;
- ma'mleketlik zayomlar, obligatsiyalar ha'm lotoreyalar boyınsha utıslar;
- puqaralardın' qamsızlandırıw boyınsha alatug'ın summaları;
- bir jıl dawaminda berilgen materiallıq ja'rdem summaları;
- depozit sertifikatlar boyınsha da'ramatlar, banklerdegi amanatlar ha'm ma'mleketlik g'a'ziyne minnetlemeleri boyınsha protsentler ha'm utislar.
- O`zbekistan Respublikası puxarası bolg`an fizikalıq ta'replerdın' da'ramatına salınatug'ın Salıqtı to'lewden to'mendegiler tolig'insha azat etiledı:
- qorg'anıw, ishki isler ha'm ayrıqsha jag'daylar ministrliklerinin', milliy qa'wipsizlik xizmetinin' a'skeriy xizmetkerleri, ishki isler organları ha'm bajixana organlarının' a'piwayi xizmetkerleri ha'm baslıqları quramına kiriwshiler;

- lawazim da'rejeleri bar prokuratura organları xizmetkerleri.

Salıq boyınsha esap-sanaqtı tapsırıw ha'm to'lew mu'ddetleri tiykarg'ı jumıs ornınan alınatug'ın miynet haqı to'lemleri ha'm basqa to'lemlerden fizikalıq ta'replerdın’ da'ramatlarına salınatug'ın Salıqtı esaplap shıg'arıw jıl basınan o'sip barıwshı juwmaq penen olardı esaplap jaziwdın’ balansına qarap Salıq salınatug'ın ja'mi da'ramat summasınan a'melge asırıladı.

Puqara bir jıl dawamında tiykarg'ı jumıs (xizmet, oqıw) ornın o'zgertse, ol jan'a jumıs ornındag'ı buxgalteriyag'a da'slepki is haqı alg'ang'a deyin belgilengen forma boyınsha usı jılda to'lengen da'ramatlar ha'm de uslap qalıng'an Salıq summası haqqındag'ı mag'lıwmatnamanı tapsırıwı sha'rt.

Jan'a jumıs (xizmet, oqıw) ornı boyınsha Salıqtı esaplap shıg'arıw kalendar jılı basınan ilgergi ha'm jan'a jumıs (xizmet,oqıw) ornında alıng'an ja'mi da'ramattan kelip shıqqan halda a'melge asırıladı.

Aldıng'ı jumıs ornınan mag'lıwmatnama tapsırılmag'an yaki Salıq to'lewshinin' identifikatsiya nomeri tapsırılmag'an jag'daylarda Salıq salınatug'ın da'ramattan en' joqarı stavka boyınsha Salıq o'ndiriledı. Mag'lıwmatnama keyinirek tapsırılsa, bunday jag'dayda, o'ndirilgen salıq summası ulıwma belgilengen ta'rtipte qayta esaplaniladı.

Tiykarg'ı bolmag'an jumıs ornınan da'ramat alg'an fizikalıq ta'repler da'ramatınan alıng'an da'ramatlar, jumsalg'an qa'rejetler ha'm uslang'an Salıq summası haqqındag'ı tapsırılg'an deklaratsiya mag'lıwmatları boyınsha Salıq xizmeti organi ta'repinen da'ramat salıg'ının' aqırg'ı summası esaplap shıg'arıladı. fizikalıq ta'replerdın’ da'ramatına salınatug'ın. Salıqtı uslap qalıw ha'm byudjetke o'tkiziw ushın yuridıkalıq ta'rep juwapker. Salıq summası uslap qalınbag'anda yuridıkalıq ta'rep uslap qalınbag'an Salıq summasın ha'm de usıg'an baylanıslı ja'riyma ha'm penyalardı byudjetke to'lewi sha'rt.

**A`DEBİYaTLAR:**


2. *İ.A.Karimov.* Bank tizimi, pul muomilasi, kredit, investitsiya va moliyaviy barqarorlik.- T: Uzbekiston 2005 y.

3. *İ.A.Karimov.* Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, Uzbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yullari va choralari.- T: Uzbekiston 2009 y.

4. *R.R.Xusainov* . Moliya va soliqlar. T: -Voris-Nashriyot- 2014 y.